Қарақалпақстан Республикасы
Мәлимлеме – китапхана орайы



# «Мен қарақалпақ қызы, Өзбекистан перзентимен»

*(Минайхан Жуманазарованың 60 жыллығы мүнәсибети менен)*

Нөкис – 2017

Едил Жайық болсадағы қолайлы,
Әмир сайлап сыйласа да Ноғайлы,
Сағынып мен Әмиў суўын ылайлы,
Шөлге сегбир тартқан қарақалпақпан

***(Шайырдың « Сүйинбийке» тарийхый толғаўынан)***

## К И Р И С И Ў

XIX әсир қарақалпақ әдебияты поэзиясында Әжинияз шайыр адамзат сезимлерин уллы деп санап, муҳаббаттың мәңгилигин тәрийплеп қосықлар жаратқан еди. XXI әсирде де оның ылайықлы избасарлары бул бағдарды даўам ететуғынлығы сөзсиз. Солардың бири Минайхан Жуманазарова болып табылады. Өзбекистан Қаҳарманы Ибрайым Юсупов шайырдың 1999 жылы өзбек тилинде басылып шыққан «Қалбингизда қолгим келади» атлы топламына жазған алғы сөзинде шайыр дөретиўшилиги ҳаққында: «Минайхан Жуманазарованың қосықлары сизлерди шын жүректен оқып, ушқыр қыял әлемине шарлайды, кеўли мың бир жамаў, сырты пүтин заманласларымыз дәртине мәлҳәм болыўға, сап мәнидеги жақсы сөздиң қулы болыўға шақырады. Себеби поэзияның ҳақыйқат ўазыйпасы да усы емес пе?» деген еди. Бул жетик шайыр тәрепинен Минайан Жуманазарова лирикасының әдил баҳаланыўы болып табылады. Биз шайыр лирикасында Шығыс классик әдебияты байтереклери болған Низами, Дехлавий, Омар Ҳайям, А. Наўайы, Мақтумқулы, сондай-ақ қарақалпақ классик әдебияты ўәкиллери Күнхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтешлердиң шығармаларының унамлы тәсирлерин сеземиз. Көркем сөздиң тәсир етиў күши Шығыста Батысқа қарағанда жүдә күшли болған. Бул бәлким Шығыс халықлары менталитетиниң өзгешелиги шығар. Мине усы нәрсени Минайхан Жуманазарованың қосықларында айқын сезиўге болады. Ол өз пикирлерин туўрыдан – туўры айта алатуғын шайыр. Бул нәрсе әсиресе, оның елдиң улларын мәртликке шақырыўшы, елди қорғаў, туўған жер ғәрезсизлигин жырлаўшы, адамгершилик ҳәм ер жүреклиликти улығлаўшы қосықларында айқын көзге тасланады.

Тарийхта атым бар Массагет, Сак,
Соннан биняд болған дейди қарақалпақ,
Тәғдир даўыл талай көшип қонғанбыз,
Гә Қыпшақ, Қоңырат, Маңғыт болғанбыз,

Айланып Маңғытлы Ноғай мырзаға,
Ат көтерип Орманбеттей уғланың,
Қарақалпақпыз деген қыраның…
Салмай турып қызларыңды хатыма,
Басымды ийейин заў - затыма

***(Шайырдың « Сүйинбийке» тарийхый толғаўынан)***

Өзиниң лирик ҳәмде ел-журт еркинлиги, ҳүждан тазалығы ҳәм басқа инсаный пазыйлетлер ҳаққындағы қосықлары менен халқымызға жақыннан таныс болған шайыр Минайхан Жуманазарова усы жылы 60 жасқа толып отыр. Бул сәне Қарақалпақстан Республикасының барлық мәдений ҳәм жәмийетлик орынларында кеңнен белгиленбекте. Бизиң китапхана орайымызда да шайырдың бул юбилейине арналып бир қанша ис илажлар исленип атыр. Мыс: ушырасыў кешелер, сәўбетлесиў кешелер, китап көргизбелер шөлкемлестирилип атыр. Ал Мағлыўмат – библиография бөлиминде болса шайырдың өмир жолы ҳәмде дөретиўшилик хызметлери ҳаққында толық мағлыўмат бериў мақсетинде усы қолланба дүзилип отыр.

Тарийх сахнасынан турыпсаң қарап,
Ели-журтыңа аманлық сорап
Қазанда атыңа салынған минар,
Сүйинбийке атыңды улығлап турар
Қарақалпақ тарийхында атың бар,
Шежиреде жазып кеткен хатың бар.
Орын алдың орыс жылнамасынан,
Жарлыққа ийе ханлар қасынан.
Жыраўлар қобызын алып қолына,
Атыңды тирилтер қосықларында.
Мәкан етип түп әзелги Ўатанды,
Халқың бүгин қарақалпақ атанды.

***(Шайырдың « Сүйинбийке» тарийхый толғаўынан)***

**Минайхан Жуманазарованың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер**

1957 - жылы Кегейли районының «Еркиндәрья» елатында дүньяға келди.

1972 - жылдан баслап ҳәр қыйлы жанрдағы мазмунлы қосықлары баспасөз бетлеринде жарық көре баслады.

1974 - жылы Кегейли районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы № 19 Москва атындағы орта мектепти тамамлады.

1981 - жылдан баслап журналистикаға араласты.

1987 - жылы Нөкис мәмлекетлик университетиниң қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бөлимин табыслы тамамлаған.

1987 - жылы «Қус жолы» жаслар альманахында дәслепки қосықлары басылып шықты.

1991 - жылдан баслап Қарақалпақстан Республикасы Телерадиокомпаниясының Әдебий еситтириўлер бөлиминде редактор, «Саз-сәўбетли бағдарламалар» бас редакциясында редакция баслығы болып хызмет атқарды.

1992 - жылы туңғыш қосықлар топламы «Елим деп еңиремесең…» деген ат пенен «Қарақалпақстан» баспасынан басылып шықты.

1993 - жылы «Жүрегимде бир дәрт бар» атамасындағы қосықлар топламы басылып шықты.

1997 - жылы «Әлўидағ айтпайман муҳаббат» қосықлар топламы басылып шықты.

1999 - жылы «Қалбингизда қолгим келади» атамасындағы қосықлар топламы Ташкент қаласындағы «Чўлпон» баспасынан өзбек тилинде басылып шықты.

2003 - жылы «Еле… Мен…» таңламалы қосықлары, «Кетпек ушын келгенмен» таңламалы шығармалары «Қарақалпақстан» баспасынан басылып шықты.

2011 - жылы «Ешим ахун ҳәм оның үрим-путақлары» атамасындағы китабы баспадан шықты.

2011 - жылы «Кетпек ушын келгенмен…» атамасындағы таңламалы шығармалары басылып шықты.

2011 - жылы «Әжаға» атамасындағы (гүрриңлер, публицистика ҳәм сын мақалалар) китабы «Қарақалпақстан» баспасынан басылып шықты.

2013 - жылы «Яшин бўлмай яшай олмайман» атамасындағы қосықлар топламы Ташкент қаласындағы «Истиқлол» баспасынан өзбек тилинде басылып шықты.

2016 - жылы «Тумаристиң сөзлери» атамасындағы китабы «Қарақалпақстан» баспасынан басылып шықты.

## Минайхан Жуманазарованың алған атақ ҳәм сыйлықлары

1993 - жылдан баслап Өзбекистан Жазыўшылар аўқамының ағзасы, Жазыўшылар аўқамы сыйлығының лауреаты.

2002 - жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланды.

2017 - жылы оның көп жыллық мийнетлери баҳаланып Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдений хызметкери ҳүрметли атағы берилди.

## Минайхан Жуманазарованың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети

Минайхан Жуманазарова 1957 жылы Кегейли районының «Еркиндәрья» елатында дүняға келди. 1974 жылы Кегейли Районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы №19 Москва атындағы орта мектепти тамамлады. 1981 жылы болса, журналистикаға араласты. Соның менен бирге ол «Профсоюз турмысы» газетасын шөлкемлестириўшилердиң де бири болды. 1987 жылы Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик Университетиниң Қарақалпақ

тили ҳәм әдебияты бөлимин табыслы тамамлады. «Университетте оқып жүргенде үлкен жазыўшы-шайырлар менен ушырасыў пайытында мени устазларым «шайыр қыз» деп таныстырғанда, ортаға шығарып қосықларымды оқытқанда тебем көкке жеткен» - деп еслейди шайыр. Олар мениң деретпелеримди газеталарга, радиога алып кетти. 1972 жылдан баслап ҳәр қыйлы жанрдағы мазмунлы қосықлары баспасөз бетлеринде жарық көре баслады. Оның шығармалары 1987 жылы «Қус жолы» жаслар альманахында, ал туңғыш қосықлар топламы «Елим деп еңиремесең…» деген ат пенен «Қарақалпақстан» баспасынан 1992 жылы басылып шықты. 1993 жылы «Жүрегимде бир дәрт бар», 1997 жылы «Әлўидағ айтпайман муҳаббат», 1999 жылы Ташкент қаласындағы «Чўлпон» баспасынан «Қалбингизда қолгим келади» өзбек тилинде, 2003 жылы «Еле… Мен…» таңламалы қосықлары, «Кетпек ушын келгенмен» таңламалы шығармалары, «Қарақалпақстан» баспасынан, 2011 жылы «Ешим ахун ҳәм оның үрим-путақлары», «Әжаға» Қарақалпақстан баспасы 2012 жылы, «Яшин бўлмай яшай олмайман» «Истиқлол» баспасы 2013 жылы, «Тумаристиң сөзлери» Қарақалпақстан баспасы 2016 жылы баспадан шықты.

Оның шығармалары «Ўзбекистон адабиёти ва санъати», «Жаҳон адабиёти», «Саодат», «Гулчеҳралар», «Шарқ юлдузи» басылымларында үзликсиз жәрияланып киятыр. Минайхан Жуманазарованың қосықлары туўысқан өзбек, түркмен, түрк тиллерине аўдарма жасалған. Түркияда шыққан «Қарақалпақ әдебияты антологиясы»нда қосықлары қарақалпақ ҳәм түрк тиллеринде жарық көрди. Ол 1991 жылдан баслап Қарақалпақстан Республикасы Телерадиокомпаниясының Әдебий еситтириўлер бөлиминде редактор, «Саз-сәўбетли бағдарламалар» бас редакциясында редакция баслығы болып хызмет атқарды. Оның таярлаған «Ана журтым», «Гүлдәсте» «Жазыўшы ҳәм заман», «Мийрас», еситтириўлери халқымыздың жүрегинен жай алып өз тыңлаўшыларына ийе болды. М. Жуманазарова кейинги, жыллардағы қарақалпақ шайырлары арасынан жарқ етип көзге көринген, өз ықласбентлерин, көпшиликтиң дыққатын өзине тартқан, ҳәттеки, айырым қосықлары «Қәстерлеп абайлаң бир-бириңизди» ҳ.т.б. улыўма халықлық сыпат алып кеткен талант ийеси М. Жуманазарова еркинликке ийе шайыр. Ол 1993 жылдан берли Өзбекистан Жазыўшылар аўқамының ағзасы, Жазыўшылар аўқамы сыйлығының лауреаты, 2002 жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланды. Соныңдай-ақ оның көп жыллық мийнетлери баҳаланып 2017 жылы Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәдeният хызметкери ҳүрметли атағына миясар болды. Бүгинги күнде шайырлықтың бийик дәрежесине көтериле алған Минайхан Жуманазарова тек жазыўшы ҳәм шайыр болып қалмастан

жәмийетлик сиясий ислерге де актив қатнасты. Өзиниң публицистикалық мақалалары менен халқымыздың сиясий, мәдений турмысын кең түрде сәўлелендирди. Ол туўры сөзли, ҳақ нийетли, мәрт, өз сөзин батыл айта алатуғын үлкен талант ийеси. Биз ғәрезсизлик дәўири поэзиямызда Минайхан Жуманазарова сыяқлы өз пикирлерин шығармаларында туўрыдан-туўры айта алатуғын, жас әўладқа шебер дөретиўшилиги, әжайып көркем образлары менен өрнек болатуғын талант ийелери еле де арамыздан көплеп өсип шыға бериўине тилеклеспиз.

Минайхан Жуманазарова өмирлик жолдасы Жумабай аға менен еки ул, үш қыз ҳәм бир етек ақлықларды тәрбиялап отырған меҳрийбан әже.

Биз быйыл 60 жасқа толып атырған шайыр апамызды юбилей жасы менен шын жүрегимизден қутлықлап оның дөретиўшилик жумысларында тасқын табыслар тилеймиз, оннан еле де китап оқыўшыларымыздың кеўиллеринен жай алатуғын көплеген әжайып шығармаларды күтип қаламыз.

## Минайхан Жуманазарованың шығармалары қарақалпақ тилинде

### 1992

1. Елим деп еңиремесең…:[Қосықлар] - Нөкис:Қарақалпақстан, 1992. – 72 б.

### 1993

2. Бәҳәрим, еглендиң неге?: [Қосықлар] // Арал. – 1993. - №1. - Б. 36 - 37.

3. Жүрегимде бир дәрт бар…: [Қосықлар] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. – 36 б.

### 1994

4. Ығбал инам ет, Болмас, Садағаң кетейин хор болған телпек, Ҳақыйқаттың аўылы алыс, Шайырдың ярына, Кетким келер, Сени умытыў, Шарап толы қадақлар сынған, Жекке қалдырың, Әтирапым толы аламан: [Қосықлар] // Әмиўдәрья. – 1994. - №1. - Б. 41- 43.

**1995**

5. Дослық ҳаққында, Тәғдир өзи оқып жазғаным, Мен сени: [Қосықлар] // Қарақалпақстан Жаслары. – 1995. – 21 дек.

6. Муҳаббат ҳаққында толғаў, Сениң, Алып кет мени, Шүкирана, Бәҳәр келди, Ҳәм жақсы ҳәм гөне дүнья бул: [Қосықлар] // Әмиўдәрья. – 1995. - №10 -12. - Б. 55 - 57.

7. Сени сағындым, Сен келмедиң, Бардур (Әжинияз жолына): [Қосықлар] // Қарақалпақстан Жаслары. – 1995. – 7 март.

8. Халқыма, Кел-ҳә, кеўлим, Мыңсан ашығың болады сениң, Болмаса, Қосық сыйса демек кеўлиме…: [Қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. – 1995. – 14 янв.

**1996**

9. Әлўидағ айтпайман саған муҳаббат, Мен өзимди таппайман излеп, Сүўретиң де айланып суўға: [Қосықлар] // Қарақалпақстан Жаслары. – 1996. – 26 сент.

**1999**

10. Улым, таўларға бақ, таўларға!: Айтып жақсы көрсең, Ҳүжданның монологы, Сезбейсең…, Еле мени отқа саласаң, Қуўанышым ҳәм қайғым пүтин: [Қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. – 1999. – 16 дек.

**2000**

11. Өзгеше жасамақ келмес қолымнан, Сағыныш, Бәҳәр, Көзлериңнен, Маған косығымнан бәршеси ялған: [Қосықлар] // Қарақалпақстан Жаслары. – 2000. – 28 дек.

**2003**

12. Еле…Мен…: [Таңламалы қосықлары] - Нөкис: Қарақалпақстан, 2003. – 136 б.

13. Халқым, Сүўретинде айланып суўға…, Кеўлим - ә, кеўлим…, Гейде…: [Қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. – 2003. -14 июнь.

**2011**

14. «Ешим ахун ҳәм оның үрим-путақлары» - Нөкис: Қарақалпақстан, 2011. – 48 б.

15. Кетпек ушын келгенмен…: [Таңламалы шығармалары] - Нөкис: Қарақалпақстан, 2011. – 176 б.

16. Кеўлим-ә, кеўлим… [Дүркин: (Ақманғыт, Сен бүгин, Шайырдың сөзи: Қосықлар] // Әмиўдәрья. - №4. – Б. 39.

**2012**

17. Әжаға: [Гүрриңлер, публицистика, әдебий сын] - Нөкис: Қарақалпақстан, 2012. – 72 б.

**2016**

18. Мен жырға айланып төгилдим: [Дүркин] // Қарақалпақ әдебияты. – 2016. - Август.

19. Океан артында бир жулдыз ақты: [Қосық: А. Ариповты жоқлаў] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016. - 17 нояб.

20. Тумаристиң сөзлери: [Элегия; Арнаў] // Қарақалпақ әдебияты. – 2016. – Февраль. – №2. – Б.12.

21. Тумаристиң сөзлери: [Элегия] - Нөкис: Билим, 2016. – 16 б.

**Минайхан Жуманазарованың шығармалары өзбек тилинде**

**1998**

22. Бордур: [Шеър] // Миллий тикланиш. – 1998. – 18 авг.

**1999**

23. Қалбингизда қолгим келади: [Шеърлар] – Тошкент: Чўлпон, 1999. – 48 б.

**2013**

24. Яшин бўлмай яшай олмайман: [Шеърлар] – Тошкент, Istiqlol, 2013. – 56 б.

**2016**

25. Мен Қорақалпоқ қизи, Ўзбекистон фарзандиман: Мустақиллигимизнинг 25 йиллигига] // Qoraqalpog'iston tongi. - 2016. - 21 июль.

## Минайхан Жуманазарованың шығармалары ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында

**1997**

26. Тилеўова Н. Ҳаял дәрти - әлем дәрти: [Шайыр М. Жуманазарованың «Жүрегимде бир дәрт бар» топламына пикир] // Қарақалпақстан Жаслары. – 1997. – 17 апр.

**1998**

27. Нуржанов П. Бахыт қусындай қонғым келеди: [М.Жуманазарованың «Жүрегимде бир дәрт бар» қосықлар топламы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 1998. – 9 авг.

28. Нуржанов П. Шайырдың ишки еркинлиги ҳаққында ойлар: [Белгили қарақалпақ шайыры М. Жуманазарованың «Жүрегимде бир дәрт бар» топламы ҳаққында] // Қарақалпақстан Жаслары. – 1998. – 19 март.

**2002**

29. Дәўлетова Д. Шайыраның дөретиўшилигинде ҳүждан темасы: [М. Жуманазарова ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2002. – 13 июль.

**2007**

30. Нуржанов П., Кутлымуратова П. Өз соқпағына ийе шайыр: [М. Жуманазарова ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2007. - 14 авг.

31. Мəмбетниязов Т. Еркин елдиң еркин қосығы: [М.Жуманазарованың «Елим деп еңиремесең» топламы ҳаққында] // Қарақалпақстан Жаслары. – 2007. – 6 дек.

32. Нуржанов П. Илҳамың таса берсин! // Қарақалпақстан Жаслары. – 2007. - 25 окт.

33. «Турмуш денгизини теран буйламай..., Бу дунёга энди келганинг бекор»: [М. Жуманазарова ҳаққында] // Аму Тонги. - 1999. - 22 апр.

34. Хожамуратова П. Шайырға мəртлик жарасады // Еркин Қарақалпақстан. – 2007. – 4 окт.

**2011**

35. Нуржанов П. Қыял əлемине шарлаўшы шайыр: [М. Жуманазарова ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2011. - 26 май.

**2013**

36. Айтмуратова З. Шебер кестеленген сөзлер: [М. Жуманазарованың дөретиўшилиги] // Устаз жолы. - 2013.- 6 - июнь.

**2017**

37. Нуржанов П. М. Жуманазарова лирикасында көркем шеберлик мəселеси: [М. Жуманазарованың дөретиўшилиги ҳаққында] // Қарақалпақстан Жаслары. – 2017. – 2 март.

**Дүзиўши:**
**Мағлыўмат библиография**
**бөлиминиң бас китапханашысы: Г. Тажимуратова**